



Pou Piblikasyon Imedya: 28/04/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN DEKRÈ EGZEKITIF KI EGZIJE ADOPSYON POLITIK
VYOLANS KI BAZE SOU SÈKS AK NAN ESPAS TRAVAY**

*Dekrè Egzekitif la swiv rapò enspektè jeneral ki fèk pibliye sou ensidan vyolans
domestik ki enplike de anplwaye eta*

*Elaji egzijans aktyèl yo pou politik vyolans domestik an yon politik vyolans ki
baze sou sèks ki kouvri vyolans, asèlman ak agresyon seksyèl*

*Pwal egzije fòmasyon anyèl pou sipèvizè yo, Lyezon Ajans Vyolans Domestik yo,
ak anplwaye HR yo*

Pwal mande pou chak ajans gen yon Lyezon Ajans Vyolans Domestik

Gouvènè Kathy Hochul jodi a te siyen yon [Dekrè Egzekitif](#) ki mande tout ajans ak otorite Eta New York pou yo gen yon politik nan espas travay sou vyolans ki baze sou sèks. Dekrè Egzekitif la elaji yon dekrè anvan, ki te egzije politik vyolans domestik, epi ranfòse politik sa yo pandan l ap elaji pwoteksyon Eta New York pou yo enkli asèlman ak agresyon seksyèl. Dekrè Egzekitif la—ki pibliye jodi a apre yon rapò Enspektè Jeneral la ki fèk pibliye ki detaye yon ensidan mòtèl vyolans domestik ki enplike anplwaye de ajans leta yo—pral egzije ajans yo pou yo fòme epi pibliye yon politik Vyolans ki baze sou Sèks ak nan Espas Travay ki pral gen ladan l fòmasyon obligatwa chak ane pou sipèvizè yo, Lyezon Ajans Vyolans Domestik yo, ak anplwaye Resous Zimèn yo. Règleman an genyen tou yon egzijans klè pou ajans yo deziyen yon Lyezon Ajans Vyolans Domestik, ki gen wòl pou bay anplwaye ajans yo resous ak enfòmasyon.

Biwo pou Prevansyon Vyolans Domestik yo pral oblije fòmile tou echantiyon pwosedi alekri pou aplikasyon Modèl Vyolans ki baze sou Sèks ak Politik nan Espas Travay revize a.

"Administrasyon mwen an te resevwa rapò Enspektè Jeneral la, epi kè mwen ak fanmi ki toujou ap viv ak trajedi sa a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Vyolans domestik se yon pwoblèm grav ki trè pèsone pou mwen, paske manman mwen te ouvri yon kay pou sivivan vyolans domestik ak vyolans ki baze sou sèks yo. Antanke Gouvènè, m ap travay pou fè Eta New York vin yon kote ki pi an sekirite pou tout moun lè mwen egzije ajans eta yo adopte règleman ki pwoteje anplwaye yo epi kreye yon anviwonman travay

ki an sekirite pou sivivan yo. Lè nou mete egzijans sa yo, n ap sipòte bezwen moun ak fanmi yo atravè eta a nan yon fason ki santre sou sivivan, ki pran an konsiderasyon twomatiz epi ki reponn kiltirèlman. Anplis de sa, mwen pral byen egzamine rekòmandasyon Enspektè Jeneral la ansanm ak Biwo pou Prevansyon Vyolans Domestik (Office for the Prevention of Domestic Violence, OPDV) Eta New York la, epi nou pral kontinye goumen pou sekirite viktim ak sivivan yo, ak pou tout Nouyòkè yo."

Nouvo politik la pral konsantre tou sou ede anplwaye ki sibi vyolans ki baze sou sèks nan bay resous epi eksplike pwoteksyon ak avantaj ke lalwa prevwa konsènan konje nan travay pou konparisyon nan tribinal oswa pou pwoblèm medikal, ansanm ak akomodasyon nan espas travay ki disponib pou pwoteje anplwaye yo, enkli kont aksyon ki negatif pou anplwa.

Direktè Egzekitif Biwo pou Prevansyon Vyolans Domestik lan Kelli Owens te deklare, "Vyolans domestik ak lòt fòm vyolans ki baze sou sèks pa sispann lè yon moun ale travay. Viktim yo ak sivivan yo ka sibi pèsekisyon oswa asèlman nan biwo a oswa vin travay ak siy abi fizik nan sware anvan an. Nou ta dwe sèvi ak tout opòtinite pou edike moun pou rekonèt ak kisa vyolans ki baze sou sèks sanble, aprann kijan pou ede sivivan yo, epi rann li pi fasil pou sivivan yo jwenn resous yo. Mwen fyè pou m sèvi yon Gouvènè ki pran pwoblèm vyolans domestik ak vyolans ki baze sou sèks oserye. Mèsi, Gouvènè Hochul, paske w ap travay di pou ogmante sekirite pou tout Nouyòkè yo epi pou asire pwoteksyon ak resous pou mendèv ou a."

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418